

Pwotokòl antre lakay ou

Aksyon pou anpeche transmisyon COVID-19



1. Lè w ap vini lakay ou, pa manyen anyen anvan yo dezenfekte ak pa bliye pou'w wete soulye ou le pli vit ke ou vini an.



2. Netwaye avèk savon ak dlo grif nan bèt kay ou apre ou sot mache ak li epi pandan wap mache a evite li fwote kont sifas ekstèn yo.



3. Si li pa posib pou w lave rad ou, wete rad ou lè w fenk rive lakay ou epi kite yo nan yon kote apa.



4. Kite valiz ou, bous, kle, elatriye, nan yon bwat ki nan papòt la.



5. Pran yon douch depi'w sot lari a. Si ou pa kapab, lave tout zòn ki ekspozè yo (men, figi, kou, elatriye)



6. Netwaye telefòn ou ak linèt avèk savon ak dlo oswa alkòl 70% fwote.



7. Netwaye pakè yo ou te pote soti deyò anvan ou estoke yo. (ak klòwòks solisyon oswa 70% alkòl fwote)

Pwotokòl pou'w soti kay la:



1. Lè ou ale deyò, mare cheve ou, epi evite mete zanno, bag ak chenn.



2. Si ou gen grip la oswa tous, mete yon mask nan figi'w jis anvan ou kite lakay ou.



3. Si sa posib, evite monte transpò piblik.



4. Pran tisi jetab oswa papyè twalèt epi itilize yo pou touche sifas yo.



5. Plwaye mouchwa a epi jete l nan yon sak fèmen an dedan bwat fatra a.



6. Lè ou touse oswa etènye, pa sèvi ak men ou, sèvi ak koud tou koubi.



7. Evite sèvi ak lajan kach. Si sa nesèsè, imedyatman netwaye men ou (itilize savon ak dlo oswa dezenfektan men).



8. Lave oswa dezenfekte men ou apre ou fin manyen nenpòt objè oswa sifas. Pa manyen figi ou anvan ou netwaye men ou.



9. Chak fwa posib kenbe yon distans 2 mètr distans ak tout moun (sitou lè wap tann nan yon liy).